

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 72
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a

Email: ndongozi.journal1939@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. WhatsApp 71532337 N°844 1Myandagaro 2025

Uwundi musaserdoti mu muryango w'Abafurera Bene Pawulo



Hari mu birori vy'indagano vyabereye muri Paruwase yitiriwe Mikaheli Mweranda diyoseze nkuru ya Bujumbura, kw'igenekerezo rya 26 Mukakaro 2025, aho umuryango w'abafurera Bene Pawulo wari uramukanye urubanza rudasanzwe rwo kwakira indagano za mbere, iza burundu hamwe n'abatera intambwe mu bice bigana ibanga ry'ubusaserdoti kubabisavye baravyemererwa.

Ivyo birori vyabereye mu nkuka y'imisa yari ironkowe n'Umwungere wa diyoseze nkuru ya Bujumbura, Musenyeri Gere-

Soma ku Rup. 5

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

* A. Noël NTIRANDEKURA

Abamenyeshamakuru:

* A. Noël NTIRANDEKURA

* Mélance NDAYIKEZE

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Uwujejwe ubuhinga:

* Chanel HARINGANJI

Umunyamabanga:

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Umunyabigega:

* MSV Nadine HARAGIRIMANA

Uwujejwe imigenderanire:

* J. de Dieu NDIKUMANA

Diyoseze Ngozi : Umuryango w'abapatiri b'abasaleziyano, waraye wungutse abaptiri 6



Foto: Chanel HARINGANJI

Soma ku Rup. 4

Ibirimwo

o Akanovera k'indero mu mashuere yisumbuye kifashe gute?.....7

o Impinduka nshasha mu burongozi bw'intara n'amakomine.....8

o Abantu botegera bate ubuzima bwo mw'ibohero?.....9

o Uburenganzira bw'abageze mu zabukuru10

Idominika ya 18 : Umwaka C

Igisomwa ca mbere: Ubwitonzi: 1,2 ;2,21- 23

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ubwitonzi :

(Umwitwarariko w'amaronko ntaco umwarira umu-tima)

Kohereti yavuze ati : « Vyose ni ivy'ubusa ntaco bimaze ! Umuntu yakoranye ubwitonzi n'ubukere-butsi kandi agatunganirwa, araheza akabisangira n'uwutabikoreye : n'ivyo ni ubusa kandi ni akamaramaza. None ivyo yakoze vyose, uwo mwitwarariko w'imyaka yose wamumariye iki ? Imisi yose y'amakuba, umwina w'amaronko, ukurara kw'ijoro, n'ivyo vyose ntaco bimaze.

Igisomwa ca kabiri: Abanyakolosi 3, 1-5.
9-11

Ivyo dusoma mw'ikete Umutumwa Paulo yandikiye Abanyakolosi :

(Muri Kristu, umuntu wa kera avamwo umushasha)

Neuti zanje:

Nimwaba mwazutse hamwe na Kristu, nimuronde-re ivy'ijuru aho Kristu avyagiye i buryo bw'Imana; nimwamize agatima ku vy'ijuru, mureke kwumira ku vy'isi. Koko mwasangiye urupfu na Kristu kandi ubuzima bwanyu buracahishijwe hamwe na we mu Mana. Aho Kristu azoserukira we buzima bwanyu, niho namwe muzoserukana hamwe na we mu buninahazwa. Nimwice rero za ngeso zishimikiye ku vy'isi: ubusambanyi, ibiterasoni, ubuhumbu, ivyipfuzo bibi, ya nambu y'ukuryoherwa n'ivy'umubiri isa n'ugukorera ibigereranyo.

Ntimube mugihendana, kuko mwiya mbuye wa muntu wa kera n'ibikorwa vyawe, mukambara wa muntu mushasha, umwe aguma yiyubura ngo agabane ubumenyi nyakuri mu kwishushanya n'Umu-remyi.

Aho rero, nta wuba akiri Umugereki canke Umuyahudi, uwagenyerewe canke uwutagenyerewe, akavantara canke umunyeshamba, umushumba canke uwidegemvya; ariko Kristu niwe vyose kandi ari muri vyose.

Inkuru nziza: Luka : 12, 13- 21

Alleluya, Alleluya.

Hahiriwe abari n'umutima ushima ubworo, kuko ubwami bw'ijuru ari ubwabo.
Alleluya.

Ivyo dusoma mu Nkuru Nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirijwe na Luka:

(Ukwegeranya itunga rihera)

Umunsi umwe, umuntu yaciye mw'ishengero ryari rikinje, abwira Yezu ati: "Muhanyi, bwira uwo tuvukana angabanirize kw'itunga rya data." Yezu aramwishura ati: "Mbega none ga wa mugabo we, ni nde yangize umucamanza wanyu canke ngo mbabanganirize ivyanyu?" Araheza Yezu abwira ishengero ati: "Nimwame mugavye kandi mwirinde ubunibuni iyo buva bukagera, kuko ubuzima bw'umuntu butava kw'itunga afise."

Araheza Yezu abacira uyu mugani ati: « Habaye umuntu w'umutunzi, imirima yari yamukundiye arimbura vyinshi cane. Nya mutunzi ati: "Mbe nza kugira nte ko ibigega vyo kwimburiramwo bidakwiye?" Atoye uko aza kubigenza, aribaza ati: "Nzosambura ibigega vyose nari nsanganywe, hanyuma nubake ibindi bibisumvya ubunini, mpejeje nimburiremwo ivyimbura n'ivyanje vyose; hanyuma mbwire umutima wanjye nti: "Wa mutuma we, kubitiza agatima kuri ivyo bigega; usanga bizokumaza imyaka myinshi.

Ubu rero niwruhukire, urye, unywe, wigurire iminsi mikuru uko ushaka." Niho yumva ijwi ry'Imana imubwira iti: "Ewe kiburabwenge, muri iri joro nyene umutima wawe baza kuwukwaka. None iryo tunga ryawe riza gusigarana nde?" Uko niko bizobera uwishinga kwihamira ivy'isi, ntiyibuke ibizomutungisha mw'ijuru."



Tuzirikane Ijambo ry'Imana

“Nimwame mugavye kandi mwirinde ubunibuni iyo buva bukagera, kuko ubuzima bw'umuntu butava kw'itunga afise.”

Bakunzi b'Imana dusa-
ngiye ukwemera n'umu-
ryango muri Yezu Kri-
stu, turiko turahimbaza
idominika ya 18 yo mu
mwaka w'amasabamana
C.

Ijambo ry'Imana Ekle-
ziya iduhaye ngo tuziri-
kane, riza ryogera kuryo
twazirikanye ku muni
w'Imana uheze, naryo
rikadutumirira kutagira
umwina w'ivy'isi bidu-
twara umutima.

Yezu ati: “Nimwame
mugavye kandi mwiri-
nde ubunibuni iyo buva
bukagera, kuko ubuzi-
ma bw'umuntu butava
kw'itunga afise.”

Umuntu wese ashakaku-
baho n'ukugira ubuzima
bwiza. None kuri twese,
ubwo buzima tubushi-
kira dute? Tubushikira
duciye mu nzira iyihe?

Mu nkuru nziza y'uyu
munsi, afatiye ku mwi-
twarariko n'umwina
yari afise mu gushaka
kugana kw'iragi se yari
yasigiye abana, Yezu
ahereyeho adukebura
kandi atwigisha kuda-
twarwa n'ivyo kuri iyi
si, twibagiye ibizodutu-
ngira ubuzima.

Ngo: “Muhanyi, bwira
uwo tuvukana anga-
banirize kw'itunga rya
data.”

Nta kindi uyu muntu



arondera atari gutunga-
nirizwa, kuronka ivyo
ategerezwa kuronka,
ashaka gusabikanirizwa
kw'iragi se yabasigiye.
Bishoboka ko uyu bavu-
kana yari yaramunya-
nganije, aramugunga,
aranka ko basangira.

Uyu muntu ashobora
kuba yaje kwa Yezu
kuko yamaze gusheges-
hwa n'akarenganyo ya-
giriwe n'uwo bavukana,
ashobora kuba yari yi-
tuye abomutunganirije
ariko bikanka. Aje kwa
Yezu. Yezu nawe ati: «Ni
nde yangize umucaman-
za wanyu...?»

Ubwa mbere, dutegere
iyi nyifato ya Yezu: Yezu
si uwaje kugira ngo yi-
suke mu vyo kw'isi, yaje
ngo iyi si ikire. yaje kwi-
gisha Inkuru nziza iha-
gurutsa umuntu kugira
ngo ntagume yimatiriyeye
ku vy'isi kuko, ivy'isi
bishira umwanya; yaje
kugira ngo abamwakiri-
riye bakakira n'inyigis-
ho yiwe, bave mu muzi-
magize w'inabi, babone
umuco w'ubuzima bwa-
bo. Ati: «Uwunkurikiye

ntazogendera mu mw'iji-
ma, azoronka umuco
w'ubuzima bwiwe».

Ubwa kabiri, turabe na-
twe inyifato tugira mu
buzima bwacu bwa minsi
yose: Mbega ntaho dus-
haka gutakariza ubuzi-
ma mu bihenda amaso,
bisayangana tutari tubi-
fate ngo tubicakamire?
Mbega n'ivyo tuvuga ngo
turafise, tuvyigenzamwo
dute? Mbega turasan-
gira neza ku vyo twasi-
giwe n'abavyeyi? Ubwo
turafise umutima wo
gusangira ku vyo Imana
yama iduhezagiza? Nta-
ho tugunga benewacu,
mbere ntitububahirize
no mu vyo babwirizwa
kuronka? Ntaho twiti-
ranya itunga rusangi
n'itunga ryacu bwite?

Twese turamaze kubona
ingaruka mbi z'ukwi-
hambirira ku vy'isi, mu
gihe tubitayemwo umu-
tima wacu wose:

Ubwimanyi, ukwigungi-
rako, ubukunzi bw'inda,
umunoho, uburyarya,
ugukumira abandi,
ukwicana dupfa ama-
tungo, ukugayana, ugu-

sambuka kw'umuryan-
go: mu rugo, umugabo
ntabe agikunda umugo-
re, u-mugore ntabe acu-
baha umugabo, abana
ntibabe bakigamburur-
kira aabavyeyi kuko ba-
baye ibisambo, ukwono-
na ubuzima bw'abandi,
akarenganyo n'ibindi.

Nk'aba-Kristu, nitwime-
nyereze gusangira vyose,
kuko tumaze kumenya
ko ata na kimwe tuzo-
rengukana kwa Da-ta.

Nituzirikane neza ka-
ndi tumenye ko ivyo
twishinga aha kw'isi
ko ari ubusa gusa, ni
ibihinda bihera: « Vyose
ni ivy'ubusa ntaco bima-
ze ! Umuntu yakoranye
ubwitonzi n'ubukere-
butsi kandi agatungani-
rwa, araheza akabisa-
ngira n'uwutabikoreye
: n'ivyo ni ubusa kandi
ni akamaramaza. None
ivyo yakoze vyose, uwo
mwitwarariko w'imyaka
yose wamumariye iki ?
Imisi yose y'amakuba,
umwina w'amaronko,
ukurara kw'ijoro, n'ivyo
vyose ntaco bimaze”.

Kuri twebwaba k'abakristu,
nitwumve kandi izi mpa-
nuro za Paulo Mweran-
da aho avuga ati: “Nim-
waba mwazutse hamwe
na Kristu, nimurondere
iv'ijuru aho Kristu avya-
giye i buryo bw'Imana;
nimwamize agatima ku
vy'ijuru, mureke kwu-
mira ku vy'isi”.

Amen

Patiri Noël Ntirandekura

Diyoseze Ngozi : Umuryango w'abapatiri b'abasaleziyano, waraye wungutse abapatiri 6

Ku civugo ngo : « *Ragira intama zanje* » (Yohani 21,16); Paruwase yaragijwe Bikira Mariya Nyina w'Imana ya Rukago diyoseze Ngozi, ku wa 19 Mukakaro 2025, yari iramukanye urubanza rudasanze rwo kwatira abasaserdoti bo mu muryango w'abasaleziyano.

Foto: Chanel HARINGANJI



Ivyo birori bikaba vyari birongowe na musenyeri George Bizimana arongoye diyoseze Ngozi.

Uwo musu, izindi diyoseze 4 ari zo : Diyoseze Gitega muri paruwase Mbogora, Diyoseze Bururi muri paruwase Mugamba, Diyoseze Musinga paruwase Gasorwe, Diyoseze Rutana paruwase Kayogoro, na zo nyene ziramukanye ibirori nk'ivyo vyo kwatira abasaserdoti.

Ariko aho bitandukaniye, n'uko muri izo diyoseze 4 zaramura abapatiri begukira diyoseze kandi hariho abagabana ibice

vy'ubusomyi n'ubukorezi hamwe n'abagabana ibanga ry'ubudiyakoni n'ubusaserdoti mu gihe muri paruwase Rukago harenguka gusa abadiyakoni bagabana ibanga ry'ubusaserdoti, kuko abagabana ivyo bice bindi babigabanira mu bihugu baba barimwo.

Iyo misore nayo yagabanye ibanga ry'ubusaserdoti ni :

1. Diyakoni Emmanuel Niyoyitungira, avuka muri paruwase Rwisabi diyoseze Ngozi,
2. Diyakoni Diomede Nijimbere, avuka muri paruwase Gitwenzi diyoseze Ngozi,

3. Diyakoni Privato Nzeyimana, avuka muri paruwase Mubuga diyoseze Ngozi,

4. Diyakoni Olivier Makoroka, avuka muri paruwase Cibitoke, diyoseze Bubanza,

5. Diyakoni Remegie Nzoyisenga, avuka muri paruwase Kamara, diyoseze Musinga,

6. Diyakoni Olivier Ndayikengurukiye, avuka muri paruwase Bukirasazi diyoseze Gitega.

Mu kwitsa Ijambo ry'Imana, musenyeri George Bizimana ati : « Basaserdoti mugire mwatirwe, muhamagariwe kwihe-

reza nk'ishikanwa, muhitanga mbere mukemera no kumanyagurika, mugacika utuvunji, gutyo mukazoba mubaye inyishu y'ubutagondwa bw'abantu bwigaragariza na cane cane mu bwishime no kudadarira mu kabi.

Ko Imana yarinze ibitorera, irafise ico yababonyemwo kuburyo nimwayigamburukira, muzotuma benshi babohoka kubera ubutumwa muzoba muriko murarangura. Ni muragirire Yezu, mumubere igikoresho, ibisigaye azovytunganiriza. Igihe cose muzoterwa n'ibigeragezo bitandukanye, muribuka kwitura uwatsinze isi ».

Ikidasanzwe rero muri uwo muryango w'abasaleziyano, n'uko kuva uwo muryango wakabaho mu myaka 64 umaze ushitse mu Burundi, atanimwe mu mateka yawo hari bwigere hatirirwa rimwe imisore 6 mw'ibanga ry'ubusaserdoti.

Tubamenyeshe ko muri iyo paruwase, urwaruka rwaho rwatahuye ico ari co umuhamagaro, kuko ifise abasaserdoti b'imvukira bagera kuri 28, ababikira barenga 50 n'abafurera 10.

Paruwase Rukago rero ikaba ariyo ifata iya mbere mu maparuwase 42 agize diyoseze Ngozi afise abihebey'Imana benshi. Ayo akaba ari amakuru dukesha patiri Benjamin Gahungu arongoye iyo paruwase.

Chanel HARINGANJI



Foto: Chanel HARINGANJI

Tumenye ivyo twemera, tubigendere, bidukomeze mu kwemera (Ibikurikira)

Tubandanye turaba amategeko canke ingingo zashinzwe n'Imana ku-gra ngo zubahirizwe n'Abanyisrayeli.

Ihunguka 25:1-40:

Iki kigabane c'Igitabu c'Ihunguka kituyagira ingingo Imana yashikiriye Musa ngo abwire Abanyisrayeli kugira baze bazikurikize. Izo ingingo na zo ni: Ivyerekeye kubaka ihema, isandugu y'isezerano, imeza y'imikate y'ishikanwa.

Ivyo vyose bizorangurirwa mw'Ihema.

Ivyerekeye ukwubaka Ihema.


Soma Ihunguka 25:1-9:

Kubera iki Imana yasavye Musa ngo yubake ihema?

Igihe Musa yari ku mu-sozi wa Sinayi, Imana yamusavye kwubaka Ihema ridasanze ryitwa Ihema ry'Ibonaniro kugira ngo abanyisrayeli bazoze barasengeramwo, babonaniremuwo n'Imana yo yabakuye mu buja bwa Misiri.

Kandi iryo hema batehererwa kuja bararyimukana baritwara aho bagiye hose. Imana iti: «Bwira abanyisrayeli banyegeranirize amaturo; ayo maturo muzoyakura ku muntu wese ari n'umutima w'ugutanga atitangiriye itama. Bazonyubakire ingoro kugira ngo mbe hagati muri bo.»

Abanyisrayeli batanze ibintu vyinshi vyo kwubaka: inzahabu, ifeza,



umuringa; impuzu z'umuyugubwe n'impuzu z'agahama, iz'agahama gaca ibibatsi, impuzu zera, ubwoya bw'impe-ne; insato z'impfizi z'intama zisize ibitukura, insato z'amatahashi, igiti c'umunyinya; amavuta y'itara, ibimoga neza bikoreshwa ku mavuta y'isiga, imibavu y'ukwosa; utubuyenge tw'ishohamu n'utundi tubuyenge two gutaka ifodi n'akajagikiriza.

Kandi iryo hema baryubatswe mu mwaka umwe gusa kuva aho baviriye mu Misiri.

Imana rero ica iryuzuzwa Ubwiza bwayo bukayanganana, n'igicu ngo caguma kiboneka hejuru yaryo. Iyo ico gicu kiri hejuru yaryo, Abanyisrayeli baca baguma aho, ariko kivuye hejuru yaryo, baca bamenya ko hageze kugenda bagakomeza urugendo rwabo.

Imana yagumana nabo.

«Bazonyubakire ingoro kugira ngo mbe hagati muri bo. Ngiye kukwereka ukuntu Urusago rwanje ruzomera n'ukuntu ibikoresho vyarwo vyose bizomera, uzoheze ugire gutyo» (Ihunguka 25,8-9).

«Numva kandi ijwi rirenga rivuye kuri ya ntebe y'Ubwami, rivuga riti: “Ng'iri Ihema ry'Imana n'abantu! Imana izobana na bo, bazoba ababo igisata cayo, nayo ubayo izoba Imana kumwe nabo” (Ivyahishuriwe yohani 21,3)».

Ivyerekeye Isandugu ry'Isezerano

Ihunguka 25:10-22:

Isandugu y'isezerano ni iki?

Bibiliya itubwira ko «Isandugu y'isezerano yari isandugu nyeranda yakozwe n'Abanyisrayeli, ari Imana ibibategetse kandi bisunze ingero yatanze.



Ni yo bashiramwo ya Mategeko cumi yari yanditse ku bisate bibiri vy'amabuye (Ihunguka 25,8-10).

Yari ikozwe gute?

Raba Ihunguka 25,10-21.

Bayishira hehe? Ni nde yari arekuriwe kuhinjira?

Bayishira Aheranda Rwose h'itaberenakulo. Itaberenakulo yari ihema yo gusengeramwo yashobora kwimurwa.

Yakozwe igihe kimwe n'iyi sandugu. Aheranda Rwose hari hakingiriwe ku buryo abaherezankuka n'abantu batahabona. (Ihunguka 40:3, 21) Umuherezankuka mukuru ni we gusa yahinjira rimwe mu mwaka, ku munsi w'impongano akabona iyo sandugu. (Abenelevi 16:2; Abaheburayo 9:7)

Yahavuye yimurirwa aheranda rwose h'ingoro ya Salomo (1 Abami 6:14, 19).

Isandugu y'isezerano yari ikozwe muki?

Soma Ihunguka 25,10-12.

Kuber iki hariho iyo sandugu?

Biracaza
Patiri Noël Ntirandekura

Uwundi musaserdoti mu muryango w'Abafurera Bene Pawulo

vasi Banshimiyubusa.

Mu kwitsa Ijambo ry'Imana, Musenyeri Gerevasi Banshimiyubusa yahamagariye abo bari baramukanye urubanza, kwicisha bugufi kuko ari yo nzira nziza kandi ibereye yo kwubaka ikibano n'urukundo rw'ubwera nk'uko Pawulo Mweranda, Umuvunyi w'uwo muryango abishimangira, ati: "Nimukundane nk'abavandimwe, umwe wese arushirizeho guha icubahiro mugezi we kandi ntumugire urwangara mu mwitwarariko wanyu, mwongere mwigumye mu bibagora kandi mwizigitirire ku gisabisho". Uwo musu imisore 8 yarashikirije Imana indagano za mbera z'umwaka umwe



Iyindi misore 9 yiyegurira Imana ubuzima bwabo bwose. Abo nabo ni furera:

- Mpawenayo Eric avuka muri paruwase Kivoga Buraniro diyoseze Ngozi,

- Ndayisenga Eric avuka muri paruwase Kivoga diyoseze Bujumbura,

- Ndayishimiye Eliya avuka muri paruwase Nyabikere diyoseze Gitega,

- Ndetse Omere avuka muri paruwase Rugazi diyoseze Bujumbura,

- Athanase Ndiokubwayo avuka muri paruwase Rusengo Diyoseze ya Ruyigi,

- Nitunga Richard avuka

muri paruwase Gitwenge diyoseze Ruyigi,

- Niyonkuru Etienne avuka muri paruwase Kivoga diyoseze Bujumbura,

- Sindahabaye Elize avuka muri paruwase Nyabikere diyoseze Gitega,

- Muzaneza Christophe avuka muri paruwase Muramvya diyoseze Bujumbura.

Muri ivyo birori kandi:

* Furera Niyonsaba Egede avuka muri paruwase Karinzi diyoseze Bujumbura yaragabanye igice c'ubukorezi,

* Furera Bahati Constantin avuka muri paruwase Murehe diyoseze Ngozi nawe agabana ibanga ry'ubudiyakoni.

Furera Bukuru Reveriyano avuka muri paruwase Mugeru diyoseze Gitega yagabanye ibanga ry'ubusaserdoti.

Kw'izina ry'abari bahejeje kugabana amabanga n'amabanga atandukanye, Furera Bukuru Reveriyano yarahejeje kwatirwa mw'ibanga ry'ubusaserdoti, mw'ijamba ryiwe, yaremereye abaraho ko bagiye kugendera ivyo bari bahejeje kwemera ishengerorikoranye, naho bitoroshe.

Agasaba abaraho ko ata kindi bobaronderako kiretse kugasukurira kuko ata mushahara bagiye kuronka, nyabuna ko babashigikize igisabisho kugira bame bahagaze neza muri ayo mabanga.

Yabandanije avuga ati: «Nk'uko Papa Pawulo wa 6 abivugaga, isi ya none ntikeneye abigisha, ahubwo ikeneye ivyabona nyavyo bigendera Inkuru Nziza».

Tubamenyeshe ko uwo muryango w'abafurera Bene Pawulo ugizwe n'abanyamuryango barenga 100, mu gihe muri bo harimwo abamaze kwatirwa mw'ibanga ry'ubusaserdoti barenga 10.

Akanovera k'indero mu mashure yisumbuye, kifashe gute?

Muti none hokorwa iki?

Abatari bake mu bo twaganiye mu banyeshure, abavyeyi, abigisha n'abayobozi ku kwegu rwa Komine n'intara bagira bati harageze ko ubu buriyongye bwo kwigisha dufise ubu burimburwa maze umwaka wa 6 n'uw'icumi ikagaruka, hakimuka uwasuzumwe neza ko ababikwiye kandi abigisha bakaronka umwanya witanguye wo kunonosora no gukurikirana abanyeshure neza.

Ivyo vyotuma n'ivyo gupfa gusunika abana bimuka mu kivunga bivaho kuko ngo umunyeshure aheza umwaka w'ice nda afise amanota make cane. Bigatuma no mu

kibazo ca reta atamenya ku rugero rushimishije. Ikintu co guhagurukira muri rusangi ni uko abavyeyi, abigisha, abarezi ku mpande zose, boheba gukoresha invugo zisubiza inyuma ishaka ry'abanyeshure kuko burya "imbuto itewe niyo imera". Maze indero igasubizwa agaciro mu mvugo no mu ngiro.

Abavyeyi nabo ngo bogerageza bakinanata bakaza baraca ku mashure bagasangira igikorwa n'ababarimu maze umwana akabona ko bagize urunani, vyotuma abanyeshure bakurikirana neza ivyigwa.

Hari abavyeyi batari bake basunika abana babo ngo bahebe ishure baje ha-

nze kurondera ubuzima. Iciza ngo ni uko bofasha abana babo imbere yo kubareka ngo baje hanze babanze baheze ishure kuko ni ho boba ngirakamaro ku bwabo, ku miryango yabo no ku Gihugu nyene.

Abavyeyi bohimiriza abana babo bakamenya ko kuja hanze atari bibi mugabo babanze bige bamenye ibibaraririye kuko kenshi bajana ibishobisho batarondeye kumenya ingorane bashobora guhura, ingene bozikingira n'ingene bozivamwo.

Ku vyerekeye ugukoresha ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru, ishure n'imiryango n'abanyeshure nyene ni baje

hamwe bigire hamwe ingene bofashanya kugira ubwo buhinga bube ngirakamaro mu gikorwa c'ishure na rirya n'ibikoresho hamwe hamwe bidakwiye. Ikindi kibazo ngo ni uko amashengero aguma a-gwiza amashure ata bigisha bafitiye ubumenyi icigwa kimwe kimwe ba-kwiye bafise.

Ivyo navyo ngo bigatuma hagwiza abatangakivi rimwe rimwe batasohokeye kwigisha, bo nyene ubwabo batazi neza ingendo yo kwigisha, maze abanyeshure bakaba aribo bagwa mu mporero kuko badahenze ngo bakurikiranwe neza.

Biracaza

Patiri Noël Ntirandekura

Akamaro k'ihugurwa ry'abanyeshure mu gihe c'uburuhuko bwo mu ci

Muri ino myaka, abantu benshi bijukiye gufasha abana bari mu buruhuko mu kubashira hamwe kugira babigishe. Hari aho bikorwa vyatunganiye n'ishure cane cane amashure y'abigenga. Ariko ubu hari n'amashirahamwe y'abantu baja hamwe bagategura inyigisho hanyuma hageze uburuhuko bagahamagara abiyandikisha kugira ngo baze bazihabwe. Ivyo bikorwa ngo bifise akamaro kanini cane ku mwana, mu miryango no ku gihugu.

Nk'uko Furera Revokato arongoye ishure ryitiriwe Yozefu Mweranda ry'Abafurera Bene Yozefu ryo mu Carama abivuga, ivyo bikorwa ngo bifise akamaro mu mpande nyinshi. Ati: «Mu gihe uburuhuko bwo mu ci

bumara amezi abiri yose, uwo mwana ni munini cane abanyeshure ataco bariko barakora. Mu gutegura ibi bikorwa vyo mu ci, kuba ari ugufasha abavyeyi kugira ngo abana babo bari mu buruhuko ntibahawe baja mu ngeso mbi.» Nk'uko uwo muyobozi abivuga, ngo ivyo bikorwa bituma abavyeyi babandanya imirimo yabo batekanye kuko baba bazi ko abana babo bari mu maboko y'abo bizeye.

Ku rundi ruhande, ivyo bikorwa ngo birafasha cane abanyeshure. Mu gihe abanyeshure baba bari bamaze umwaka wose biga ivyirwa birimwo ubuhinga kandi biruhisha, mu gihe co mu ci ngo babigisha ibindi bituma baruhuka neza mu mutwe bakitegurira neza umwaka

w'ishure.

Ni bande bakirwa muri ivyo vyigwa?

Nk'uko Furera Revokato abivuga, kuri iryo shure ryabo, ngo bakira abana bari mu mirwi itatu: ubwa mbere, bakira abana baje gutangura umwaka wa mbere mubimenyereza. Uwo murwi ngo kuba ari ukugirango batangure bamenyere ishure, bamenyere kubana n'abandi bana, kugira ngo niha-gera ko umwaka w'ishure utangura bazobe bamenyereye, batakirira.

Umurwi wa kabiri, bakira abana bahejeje igisata co kwimenyereza bagomba gutangura umwaka wa mbere. Abo nabo ngo kuba ari ukubamenyereza ivyigwa bishasha kuko ivyo bazokwiga n'ingene

bazovyiga bitandukanye nivyoya baba bahoramwo. Nico kimwe n'umurwi wa gatatu uba ugize n'abana bahejeje umwaka wa gatandatu bitegurira gutangura umwaka w'indwi.

Kubw'ubuho muyobozi, abavyeyi bose ngo botege-rejwe kubona iciza kuri muri ivyo bikorwa vyokubafasha kurera abana mu buruhuko. Ubushikiranganji bw'indero nabwo bugahimiriza mu gihugu cose ngo habe integuro za mwen'ivyo bikorwa.

Tubamenyeshe ko ivyo vyigwa biba bigizwe cane cane n'inkino, kuririmba, kwimenyereza kuvuga indimi, ibikorwa vyo mu nzu nko kwiga guteka n'ibindi.

Mélance NDAYIKEZE

Impinduka nshasha mu burungozi bw'amakomine

Kwitegeko ryashizwe-ko umukonokuru wa 04.7.2025 n'abakomiseri bagize CENI, abagiye kurongora amakomine 42 agize intara nshasha 5, bazova mu bwoko n'ibitsina bitandukanye Amakomine rero agiye gutwarwa uku gukurikira:

Amakomine agize intara ya BUHUMUZA azoba arongowe uku gukurikira :

1. Butaganzwa: Umugabo Hutu
2. Buhinda: Umukenyenzi Hutu
3. Cankuzo: Umukenyenzi Tutsi
4. Gisagara: Umugabo Hutu
5. Gisuru: Umugabo Hutu
6. Muyinga: Umugabo Hutu
7. Ruyigi: Umukenyenzi Tutsi

Amakomine agize intara ya BUJUMBURA azoba arongowe uku gukurikira :

1. Bubanza: Umugabo Hutu
2. Bukinanyana: Umugabo Hutu
3. Cibitoke: Umugabo Tutsi
4. Isare: Umugabo Hutu
5. Mpanda: Umugabo Tutsi
6. Mugere: Umukenyenzi Hutu
7. Mugina: Umugabo Hutu
8. Muhuta: Umugabo Hutu
9. Mukaza: Umukenyenzi

Tutsi
10. Ntahangwa: Umugabo Hutu

11. Rwibaga: Umugabo Tutsi

Amakomine agize intara ya BURUNGA azoba arongowe uku gukurikira :

1. Bururi: Umukenyenzi Tutsi
2. Makamba: Umugabo Tutsi
3. Matana: Umukenyenzi Hutu
4. Musongati: Umukenyenzi Tutsi
5. Nyanza: Umugabo Hutu
6. Rumonge: Umugabo Hutu
7. Rutana: Umugabo Hutu

Amakomine agize intara ya BUTANYERERA azoba arongowe uku gukurikira :

1. Busoni: Umugabo Hutu
2. Kayanza: Umugabo Hutu
3. Kiremba: Umugabo Hutu
4. Kirundo: Umugabo Hutu
5. Matongo: Umukenyenzi Hutu.
6. Muhanga: Umukenyenzi Tutsi
7. Ngozi: Umugabo Hutu
8. Tangara: Umugabo Tutsi

Amakomine agize intara ya GITEGA azoba arongowe uku gukurikira :

34. Bugendana: Umugabo



Ikarata yerekana amakomine 42 mashasha mu Burundi

gabo Tutsi

1. Gishubi: Umugabo Hutu
2. Gitega: Umugabo Hutu
3. Karusi: Umukenyenzi Tutsi
4. Kiganda: Umukenyenzi Tutsi
5. Muramvya: Umugabo Hutu
6. Mwaro: Umugabo Hutu
7. Nyabihanga: Umukenyenzi Hutu
8. Shombvo: Umugabo Hutu.

Bino biharuro vyerekana ko ku basitanteri 42 :

Abahutu ari 28, bagizwe n'abagabo 22 n'abakenyezi 5. Abatutsi ni 15, bagizwe n'abagabo 6 n'abakenyezi 8. Abakenyezi bose hamwe ari 13. Tubamenyeshe ko inyu-

ma'y'ukumenyesha ukengene amakomine azorongorwa, hacye hatorwa abakenguzamateka. Abo na bo ni 13, ari bo:

1. Buhumuza:

Sabine Ntakarutimana, Cyriaque Nshilmrirmanna, Jeana Bapiste Baranyizigiye

2. Bujumbura:

Gerevazi Ndirakobuca, Leocadie Ndacayisaba

3. Burunga:

Reverien Ndikuriyo Clotilde Kampimbare

4. Buranyerera:

Josephine Nyiraneza Bechmans Nzoyihaya Léonard Habimana

5. Gitega:

Générose Ngendanganya Ferdinand Ndayisavye Imelde Sabushilmike

Patiri Noël Ntirandekura

Abantu botegera bate ubuzima bwo mw'ibohero (Ibikurikira)

Mbega inyifato y'umuryango yoba iyhe ku bantu bari mw'ibohero ?

Gukundisha abakristu uyo mugwi.

Umuryango w'abakristu, paruwase, ibicishije ku migwi y'ubutumwa n'imihari y'Ekleziya, nayo nyene yotegera ko abafunzwe bayikukira, ari intama zigwaye zikeneye ikirenge, urukundo.

Gukundisha abakristu uyo mugwi.

Nkako umwanditsi w'ikete ry'Abahebrezi 13, 3 : « Nimwibuke ababoshwe nk'aho mwoba mubohanywe na bo ; nimwibuke abagirirwa nabi kuko namwe mufise umubiri.»

Patiri umwibutsamana.

Patiri umwibutsamana azoba uwa mbere mu kwegera, kwumviriza, kuremesha abafunzwe yaragijwe nk'umwungere mwiza.

Ubutumwa ntibwogarukira k'ukwigisha ijambo ry'Imana gusa no gutanga amasakramentu ariko hoba igikorwa co kubegera, kurondera akanya ko kubumviriza, kubaremesha, kubashikira imbere ngo dosiye zunguruze, kuhimiriza abandi basaserdoti, kugira urutonde amezi atatu aheze, rw'abanyororo kw'iparuwase kw'iparuwase gushika mbere no mu mibano.

Ku rwego rwa Diyoseze.



Ku rwego rwa Diyoseze, hoba umusi wahariwe kwibuka mu gusabira abanyororo n'ababashinzwe bese, kwegeranya agatererana kabo nka kurya hariho umusi wahariwe abarwaye ; kuko twabonye ko umufungwa akoraniriza muri we ya migwi Yezu yatubwiye azofatirako mu kuducira urubanza.

Umyeyi wacu Papa, kugira atange akarorero k'uyo mutima utegerezwaga kuturanga ngo dusubize umwizero abari mw'ibohero, yaruguruye umuryango mweranda mw'ibohero rimwe ryo mu Butaliyano.

Amashirahamwe.

Amashirahamwe yitwararika agateka k'abafunzwe yoseruka nayo nyene ; ntazane gusa ibintu ariko kandi hakaba no kubaha umwanya bakayaga ;

Abashinzwe ibohero bamwe bese mu bikorwa vyabo.

Umuyobozi yoba uwa mbere mu gukunda,

kubaha no gutunganiriza abo ajejwe ; maze ivyo bafitiye uburenganzira bakabironka ; hakaba ukubabonamwo abavukanyi bahuye n'ibibazo nkuko nawe ashobora kubigwamwo ;

gufasha abakurikirana ubuzima bwabo bwa misiyose,

* Abacunzi b'ibohero gusonera agateka k'abo bacungishijwe ntibabafate nk'ibikotaguzo canke ibikoko kuko bohava bihebura ;

Ubutungane

Abajewe ubutungane ku nzego zose, nabo nyene bokumva ko bafise ibanga rihambaye ryo gutunganiriza imbohe mu kuri no mu butngane, birinde guhengama, kurya ibiturire, kweza inkozi z'ikibi, no gufungira ubusa intungane.

Burya bimenyereje kwishira mu kibanza c'imbohe botegera ningoga ko bafise igikorwa gihambaye co gutunganiriza

bene wabo naho bitoroshe.

Papa arasaba abajewe intwari, muri uyu mwaka wa Yubire, kwiyumvira utwigoro twokorwango basubize umwizero abari mu mabohero :

* Uburyo buciye mu kigongwe c'ikivunga canke kubatezurira ngo babunganire mu gusubira kwirongamwo bo nyene umwizero no kwizera ikibano cabo ;

* Ukubaha gusubira mu buzima bw'umubano bahoramwo hisunzwe ukubafasha hakurikijwe amategeko.

Arabasabira ko hoba ibikorwa vy'ikigongwe bishobora kubafasha gutangura ubuzima bushashishisunzwe amategeko.

Patiri Eugène NSANZERUGEZE, arongoye igisata gishinzwe Ubutumwa n'inyigisho ndoramana mu Nama y'Abepiskopi Katolika b'i Burundi, akaba ari nawe arongoye kuri urwo rwego Umugwi mpanuzwajambo ushinze ivya Yubile.

Uburenganzira bw'abageze mu zabukuru

Umuntu wese arafise uburenganzira bwo gukingirwa. Abageze mu zabukuru nabo barakenewe gukingirwa bidasanzwe.

Hambavu y'uburenganzira basangiye n'abandi bantu bose, abantu bageze mu zabukuru baba bageze mu bihe vyogutakaza inguvu mu bijanye n'ivyo bahora bashobora gukora.

Abageze mu zabukuru ni abantu bafise imyaka mirongo itandatu (60) y'amavuka niyirenga kandi ko ari umwe mu migwi idasanzwe itegerezwa kwitabwaho n'ugukingira.

Kugera mu zabukuru ni kimwe mu bice bigize ubuzima. Birashika rero ko umuntu atakaza ubushobozi bwo kwiyumvira n'ubwo gukora mu gihe ashaje cane.

Nk'abandi bantu bose, uwugeze mu zabukuru arashobora gukora ivyaha kandi ategerezwa guhanwa ariko kandi arashobora kurekurwa igihano kitarahera hisunzwe imyaka afise.

Kw'igenekerezo rya 01 gitugutu uko umwaka utashe, amakungu arahimbaza umusi mukuru wahariwe abageze mu zabukuru.

Uwo musu washinzwe n'ishirahamwe mpuzamakungu ONU kw'igenekerezo rya 14 kigarama 1990. Igihugu cacunaco nyene ntigisigara inyuma mw'ihimbazwa ry'uwo muni.

Uburenganzira bw'abageze mu zabukuru butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu n'amategeko y'Igihugu c'Uburundi.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu atunganya ubwo burenganzira.

Mu mategeko mpuzamakungu, tuja kwisunga ibiri mw'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu, mu masezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu hamwe n'ibiri mu masezerano ashigikira amasezerano ya Afrika y'agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu yerekeye abageze mu zabukuru.

a) Mw'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu.

Abageze mu zabukuru barafise uburenganzira bwo kubaho neza kandi bategerezwa kubungabungwa kubera baba batagifise inguvu ngo bashobore gukora bibeshaho.

Tubisanga mu ngingo ya 25 mu gace kayo ka 1 aho ivuga ko umuntu wese ategerezwa kuronka ibikwiye bimufasha kubungabungwa amagara yiwe n'ay'umuryango, mu ngaburo, mu vyambarwa, mu buraro, mu kwivuza n'ibindi nkenyerwa ku muntu; ategerezwa kubungabungwa mu gihe atagira akazi, arwaye, amugaye, apfakaye, no mu bindi bihe atagishobora gukora ku-

bera ubusaza, n'ibindi bihe atagishobora kwitunga kandi bitamuturutseko.

b) Mu masezerano ya Afrika y'agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu.

Aya masezerano ategerekanya mu ngingo ya 18 ivuga, mu gace kayo ka 4, ko abageze mu zabukuru n'abagendana ubumuga nabo nyene bafise uburenganzira bwo kwitabwaho no gukingirwa mu vyerekeye amagara yabo no mu buntu bwabo.

c) Mu masezerano ashigikira amasezerano ya Afrika y'agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu yerekeye abageze mu zabukuru.

Aya masezerano ategerekanya mu ngingo ya 13 ko ibihugu vyashize umukono kuriyo vyimeje gufata ingingo zose zishoboka kugira abageze mu zabukuru kandi bagendana ubumuga bakingirwe, bashobore kuvugwa no kuronswa ibikoresho bibunganira bivanye n'ubumuga bw'umwumwe.

Abageze mu zabukuru barafise uburenganzira bwo gukingirwa no mu gihe c'intambara. Bitegekanijwe mu ngingo ya 14 aho ivuga ko mu gihe c'intambara canke c'umudurumbanyo mu gihugu, abageze mu zabukuru bategerezwa gukingirwa, gufatwa runtu, kubahirizwa aho bari hose, bakaguma bakurikiranwa neza kandi bakavugwa iyo bagwaye.

Nk'uko duhejeje kubibona, amategeko mpuzamakungu ategerekanya uburenganzira bw'abageze mu zabukuru. N'amategeko y'Igihugu c'Uburundi nayo nyene ni uko nyene.

2. Ingene amategeko y'igihugu c'Uburundi ategerekanya ubwo burenganzira.

Mu mategeko y'igihugu, tuja kwisunga ibiri mw'Ibwirizwa Shingiro, mw'Itegeko n°1/24 ryo ku wa 14 kigarama 2017 risubiramwo itunganywa ry'amabohero mu Burundi, ibiri mw'itegeko n° 1/12 ryo ku wa 12 rusama 2020 ryerekeye gutegekaniriza kazoza abenegihugu n'ukubakingira hamwe n'ibiri mu gitabu c'amategeko mpanavyaha.

a) Mw'Ibwirizwa Shingiro.

Ingingo ya 19 irinjiza mu mategeko n'amabwirizwa bigenga Uburundi amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu bwashize ko umukono harimwo itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu, amasezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu hamwe n'amasezerano ashigikira amasezerano ya Afrika y'agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu yerekeye abageze mu zabukuru. Ni ukuvuga ko ivyavuzwe muri ayo mategeko bijanye n'ubwo burenganzira vyinjijwe

Uburenganzira bw'abageze mu zabukuru

(Bitangurira ku rup.10)

mu mategeko n'amabwirizwa y'Uburundi.

Ingingo ya 22 ivuga, mu gace kayo ka mbere, ko abenegihugu bose bangana imbere y'amategeko kandi akabakingira kumwe.

Ni ukuvuga ko n'abageze mu zabukuru badasigara inyuma muri ubwo burenganzira bwo gukingirwa.

Mu ntumbero yo kwitaho abenegihugu bose muri rusangi n'abageze mu zabukuru mu buryo budasanzwe, Reta y'Uburundi yarashize mu migambi yayo uwo gukingira abageze mu zabukuru kuva mu mwaka w'2012 ari nayo mpamvu hashinzwe umurwi w'igihugu ujejwe gukingira abenegihugu "CNPS", n'Itegeko n°100/237 ryo ku wa 22 myandagaro 2012 rishiraho, rikanategukanya ibikorwa vyawo.

Muri ivyo bikorwa vyawo, uwo murwi uratanga udukarata twokwivurizako ku bantu bageze mu zabukuru kandi batishoboye.

Abageze mu zabukuru bahoze bakora akazi ka Reta nabo babandanya bakurikiranwa n'amashirahamwe ajejwe gutegekaniriza kazoza abakozi.

Aha twovuga "INSS" ijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi bakora mu gisata c'abikorera ivyabo hamwe n'abakora mu mashirahamwe Reta ifisemwo imutahe hamwe

n'Ibiro vy'igihugu bijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi ba Reta no gutegekaniriza ingene bakingirwa impanuka z'akazi "ONPR".

Ntitwokwibagira kuvu-ga kandi ko n'uwikorera ivyiwe ashobora kwi-tegekaniriza izabukuru mu gutanga intererano muri ayo mashirahamwe canke mu mashirahamwe mwene ayo ariko y'abikorera ivyabo.

b) Mw'itegeko n° 1/12 ryo ku wa 12 rusama 2020 ryerekeye gutegekaniriza kazoza abenegihugu n'ukubakingira.

Umuntu wese ararekuriwe kuronka ibikwiye bimufasha kubungabunga amagara yiwe n'ayumuryango wiwe, mu ngaburo, mu vyambarwa no mu buraro bubereye.

Bitegekanijwe n'ingingo ya 5 mu gace kayo ka 2 aho ivuga ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kumva atekaniwe mu bijanye n'ukuvuzwa igihe agwaye, igihe yahuye n'impanuka ikamuviramwo ubumuga, igihe ari umupfakazi (umupfakare), ageze mu zabukuru canke igihe cose atagifise ubushoboyi bwo kwibeshaho kandi vyatewe n'impamvu itamuvuyeko.

Uwugeze mu zabukuru araronka amahera amufashe igihe yakoze akazi kiwe aziganya mw'ishirahamwe ryo gutegekaniriza kazoza abakozi nk'uko amategeko avyerekeye abitegekanya.

Tubisanga mu ngingo

ya 72 ivuga ko mu gihe umukozi yashikanye imyaka yo gukukuruka nk'uko amategeko amugenga abitegekanya kandi akaba yaramaze gutanga intererano mu kiringo c'imyaka 15 mw'ishirahamwe rijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi, araronka amafaranga aja aramufasha igihe yakukurutse.

c) Mw'itegeko n°1/24 ryo ku wa 14 kigarama 2017 risubiramwo itunganywa ry'amabohero mu Burundi.

Abageze mu zabukuru bari mu mirwi y'abantu bategerezwa gukingirwa gusumvya abandi naho baba bapfunzwe nk'uko ingingo ya 45 ibitegekanyye.

Abo nabo ni : abakenyizi, imiyabaga, abageze mu zabukuru n'abagendana ubumuga bwo mu mutwe.

Umuntu ageze mu zabukuru arashobora gupfungurwa ivy'agateganyo ikiringo c'umunyororo kitarahera.

Tubisanga mu ngingo ya 52 ivuga ko abapfunzwe bageze mu zabukuru bafise imyaka 70 bakwije ibisabwa n'amategeko mpanavyaha, barekurwa ivy'agateganyo naho uwahanywe aba atararangiza umunyororo yaciriwe.

d) Mu gitabu c'amategeko mpanavyaha.

N'aho abageze mu zabukuru bari mu mirwi

idasanzwe ikenewe gukingirwa gusumvya abandi, iyo bakoze ivyaha ntibisigurako badahanywe ariko bahanwa hisunzwe imyaka yabo.

Tubisanga mu ngingo y'129 yo mu gitabu c'amategeko mpanavyaha ivuga ko abahanywe bakaba bategerezwa gukurikiza igihano canke ibihano harimwo ugupfungwa barashobora gupfungurwa ivy'agateganyo batararangiza ivyo bihano mu gihe bamaze mu munyororo ikiringo kirenza amezi atatu.

Iyi ngingo ibandanya ivuga mu gace kayo ka 3 ko ikiringo co gupfungwa gitegekanijwe gishobora kugabanywa mu gihe uwahanywe afise imyaka mirongo irindwi y'amavuka canke mu gihe vyemejwe n'abaganga batatu b'abahinga ko igumizwa ryiwe mu munyororo rishobora gutuma ubuzima bwiwe bubangamirwa.

Mu gusozera, twagira twibukanye ko umuntu ageze mu zabukuru akeneye kwitabwaho n'ugukingirwa kuko hariho ivyo aba atagishoboye kwikorera.

Twabonye ariko ko n'aho abageze mu zabukuru bakeneye gukingirwa, uwukoze icaha arahanwa hisunzwe igitabu c'amategeko mpanavyaha y'Uburundi ariko hisunzwe imyaka yabo.

Ikigo kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko
«CPDHPG»

Impundu mu muryango w'Incoreke za Bikira Mariya

Ku wa 13 Mukakaro 2025, mu muryango w'Incoreke za Bikira Mariya, bari baramukanye akanyamuneza ko kwigina bamwe mu bari muri uwo muryango bari baramutse bashikiriza Imana indagano za mbere, indagano z'imyaka yose hamwe n'abashikiriza ubukengurutsi bw'imyaka 25 mw'ibanga.

Inkuka y'imisa yaherejwe n'Umwungere muku ru wa Diyoseze nkuru ya Gitega Musenyeri Bonaventure Nahimana akikijwe n'abasaseredoti batari bake mw'isengero nkuru ya Diyoseze Gitega ya Mushasha yitiriwe Kri-stu Mwami, igihe c'isaha zine n'igice zo mu gato-ndo.

Mu nsiguro y'ijambo ry'I-mana, y'idominika ya cu-mi na gatanu, dusanga kwa Luka 10, 25-37, rituyagira umugani w'umunyasamariya w'ubuntu, Umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega yayerekeje ubwa mbere ku bakristu muri rusangi abatimirira gukunda I-mana n'umutima wabo wose.

Urwo rukundo umuntu ategerezwa gukunda Imana ruraheza rukabonekera mu rukundo umuntu ategerezwa gukunda abandi cane cane abari mu ngorane zitandukanye, cane cane abarwaye n'abakene ku ko Imana yiyerekana muri bo.

Mu gice ca kabiri c'insiguro, Umwungere yerekeje ijambo kubari

baramukanye urubanza rw'indagano n'ubukengurutsi. Yabanje kubibutsa ko Imana ariyo nyagukundwa, ko ari ukuyikunda n'umutima wabo wose, n'amagara yabo yose, bakayihereza imitima yabo ngo iyisharize ishushye n'umutima w'Imana. Yo ifise umutima w'itonda kandi wicisha bugufi. Nk'Imana bakunde kandi bihebere benewabo.

Mu guheraheza iyo nyigisho yaciye abaha ubutumwa butatu:

*** Gukomera ku gisabisho:** yabatumiriywe kwama bumviriza Imana ibayagira mu gacerere ku mutima. Abatimirira nka Bikira gusenga bazirikana ijambo ry'Imana bamwigana ngo bagume mu bunywanyi bw'Imana no kwama bazirikana ico Imana ibashakako nka Bikira Mariya.

*** Kugendera indagano zitatu zituma biyegurira Imana:** izo ndagano yabibukije ko arizo zibafasha kugendanira Yezu Kristu bari mu mumubano w'abavukanyi mu muryango w'Incoreke za Bikira Mariya. Zikabatumaga bagendera mu mategeko y'umuryango. Iryo bakazobishobozwa no gufata ingendo nk'iya Yezu Kristu yabaye umworo, umugamburutsi n'umwerentegerwa.

*** Kugendera akaranga k'ubwiyegerezasi:** umuryango w'Incoreke za Bikira Mariya ni umuryango abari muri wo atakimenyetso ki-



boneka kibaranga muri Ekleziya. Nico gituma bahamagariwe kuba umuco n'umunyu w'isi mu kwigisha ubwami bwa Kristu baciye kuri Bikira Mariya.

Inyuma y'iyi nsiguro, umukuru w'umuryango w'Incoreke za Bikira Mariya yaciye ahamagara abari baramutse bagira indagano ngo batere intabwe bagana Umwungere kugira bashikirize indagano zabo.

Abanovisi bagize indagano za mbere ni aba: Jeanette Mboninyibuka Paruwase Rusamaza Diyoseze nkuru ya Gitega; Audrine Irakoze Paruwase Nyangwa, Diyoseze nkuru ya Gitega; Alvera Banyankimbona Paruwase Muramba, Diyoseze Musinga; Divine Ndayikengurukiye Paruwase Nyangwa, Diyoseze nkuru ya Gitega; Annociatta Mbonigaba Paruwase Nyantakara, diyoseze Rutana; Faustine Njenezwa Paruwase Rushanga, Diyoseze nkuru ya Gitega; Anglebert Manirakiza Paruwase Munanira, Diyoseze nkuru ya Bujumbura na Emelyne Ndayikeje Paruwase Bukirasazi Diyoseze nkuru ya Gitega.

Incoreke za Bikira Mariya bagize indagano z'imyaka yose ni aba: Chantal Yankurije Paruwase Save, Diyoseze ya Butare / Rwanda; Lyduine Ndabubahe, Paruwase Budatyora, Diyoseze nkuru ya Gitega; Euphrasie Hakizimana Paruwase Bukirasazi, Diyoseze nkuru ya Gitega; Charlotte Muhimpundu Paruwase Ruhehe, Diyoseze Musinga; Denise Nahimana Paruwase Rusengo, Diyoseze ya Ruyigi; Emmanueline Ngezahimana Paruwase Mubuga Rutonde, Diyoseze nkuru ya Gitega; Césarie Berakumenyo Paruwase Bukirasazi, Diyoseze nkuru ya Gitega. Hamwe n'Incoreke za Bikira Mariya Mariya Roza Nimbona yakengurukiye Imana ku myaka 25 amaze mw'ibanga.

Bamaze kwambaza Mutima Mweranda, baciye bashikiriza indagano zabo bemera kugendera za ndagano zitatu, bongerako kugendera no kumenyesha amasabo nyakuri ya Bikira Mariya nkuko tuyigishwa na Ludoviko Mariya w'i Montfort Mweranda.

M S V Marie Goreth Ndikumana